

## Kijan sa ye nan yon randevou vaksinyasyon kont COVID-19 Kesyon Moun Poze Souvan Yo

Mizajou: 14 jen 2021

### Bagay pou konnen anvan ou pran vaksen an

#### Èske mwen bezwen teste pou COVID-19 anvan mwen vaksinen?

- Si ou pa gen sentom COVID-19 yo, li pa rekonòmande pou fè tès COVID-19 anvan ou vaksinen.
- Si ou gen sentom COVID-19 yo, wi. Ou ta dwe fè yon tès COVID-19. Ou ta dwe retade vaksinyasyon an jouk ou gen yon tès negatif epi founisè ou an detèmine sentom ou yo pa la akòz COVID-19 la.
- Si ou te gen yon ekspozisyon konfime ak COVID-19 lan nan dènye 14 jou yo, ou dwe retade vaksinyasyon an jouk ou fini ak karantèn lan.

#### Èske mwen blije peye pou vaksinyasyon an?

Non. Pran yon vaksen kont COVID-19 gratis pou tout abitan Massachusetts.

Konpayi asirans sante yo (ansanm ak Medicare epi Medicaid) ap garanti tout depans pou administrasyon vaksen an. Tout sit vaksinyasyon yo nan Massachusetts dwe dakò yo pa p fè pasyan yo peye okenn frè k ap sot nan pòch yo oswa refize yon moun vaksinyasyon si yo pa ka peye. Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou [mass.gov](https://www.mass.gov).

#### Èske yo pral fè tès pou mwen pou sentom oswa kontak ak COVID-19 lan anvan randevou mwen an?

Wi, menm jan ak tout randevou nan Mass General Brigham, yo pral poze ou plizyè kesyon sou sitiyaasyon sante ou. Kesyon yo ap gen ladan yo si ou te gen okenn sentom COVID-19 oswa te ekspoze ak COVID-19 lan? Pou plis enfòmasyon, gade "[Preparasyon pou Vizit nan Kabinè Ou an.](#)"

#### Èske mwen ta dwe retade pwosedi oswa operasyon mwen an si mwen vaksinen?

Jeneralman, pwosedi oswa operasyon yo pa retade pou lòt vaksinyasyon tankou vaksen kont grip lan. Toutfwa, medsen oswa ekip swen ou an gendwa rekòmande ou pou ou pa vaksinen pandan yon peryòd tan anvan oswa apre yon pwosedi oswa operasyon. Yo gendwa vle retade vaksinyasyon kont COVID-19 lan pou okenn efè segondè ki ta ka rive (tankou lafyè) pa konplike pwosedi oswa operasyon ou an. Si w gen kesyon presi, tanpri pale ak doktè oswa ekip swen ou an.

#### Mwen gen ant 12-17 lane. Èske mwen bezwen konsantman paran mwen pou mwen pran vaksen an?

Wi, pasyan elijib ki gen ant 12-17 lane yo ki resevwa yon envitasyon pou vin pran vaksen an nan yon biwo Massachusetts General Brigham yon paran bay yon otorizasyon ki siyen pou yo resevwa vaksen kont COVID-19 lan.

[Telechaje fòmilè dechaj lan.](#)

Tanpri pote fòmilè siyen an ak ou nan randevou ou an.

## Jou randevou an

### Èske mwen bezwen mete yon mask lè mwen vaksinen?

Wi. Nou egzije tout anplwaye ak pasyan yo mete yon mask. Lè ou rive nan etablisman nou yo, nou ap ba ou yon mask pou pwosedi oswa pou operasyon pou ou mete. Si ou sot lakay ou ak yon mask, nou ap mande ou ranplase l ak mask nou ba ou an. Tanpri gade [politik nou yo sou mask lan](#).

### Èske mwen ap ka chwazi ki vaksen mwen ap resevwa?

Moun k ap vin pran vaksen yo p ap gen dwa pou yo chwazi ki vaksen yo vle pran (Pfizer, Moderna, or Johnson & Johnson).

Se Eta a ak gouvènman federal lan ki bay Massachusetts General Brigham kantite vaksen yo bezwen an, epi nou pa chwazi ki vaksen nou vle resevwa a. Pi bon vaksen an se sa ki disponib lan pou ou an nan jou randevou ou an. Tout vaksen ki disponib pou pasyan nou yo san danje epi trè efikas.

Ni Vaksen Pfizer ak ni Moderna yo chak se de dòz yo ye. Apre ou fin resevwa premye dòz ou an, dezyèm dòz ou an se menm fabrikan an k ap pwodwi i tou. Sa vle di si premye dòz ou an se vaksen Pfizer an, dezyèm dòz ou an ap Pfizer tou; si premye dòz ou an se vaksen Moderna, dezyèm dòz ou an ap Moderna tou.

### Èske mwen ap resevwa yon bagay pou m montre m te vaksinen?

Ou ap resevwa yon kat vaksinasyon oswa yon papye enprime ki di ki vaksen kont COVID-19 ou te resevwa, dat ou te resevwa l lan e ki kote ou te resevwa l. Ou ta dwe resevwa tou yon vèsyon papye oswa elektwonik yon fich enfòmasyon ki pale plis sou vaksen espesifik kont COVID-19 ou pral resevwa. Aprann plis nan [mass.gov](#).

## Apre randevou an

### Èske m ap bezwen retounen pou yon dezyèm dòz?

Ni Vaksen Pfizer ak ni Moderna yo chak se de dòz yo ye. Li enpòtan anpil pou ou pran dezyèm dòz vaksen an. Dezyèm dòz lan rann vaksen an pi efikas. Si ou te pran vaksen Pfizer an, dezyèm dòz ou an ap nan anviwon 21 jou apre premye dòz ou an. Pou Moderna, dezyèm dòz ou an ap nan anviwon 28 jou apre premye dòz ou an. **Tanpri fè tout sa w kapab pou w resevwa dezyèm dòz vaksen Pfizer oswa Moderna ou an. Vaksen Janssen (Johnson & Johnson) lan se yon sèl dòz li ye.**

### Èske mwen ka sispann mete mask epi respekte distans sosyal lan aprè m fin pran vaksen an?

Pou kounya la COVID-19 lan ap diminye nan kominote a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou: sou sitwèb [CDC a](#), sitwèb [eta Massachusetts la](#), ak [sitwèb eta New Hampshire la](#). Sonje machaswiv lokal ak nasyonal yo kapab varye nan kesyon mete mask ak rasanbleman andedan/deyò. Vil kote w ye a kapab gen plizyè machaswiv diferan kidonk li enpòtan anpil pou ou verifye machaswiv yo pou rejyon kote w ap viv lan.



Pasyan ki te fè yon **transplantasyon ògàn oswa ki gen iminodefisyans** dwe pale avèk ekip swen pou yo kapab resevwa konsèy sou fason pou mete mas epi respekte distans sosyal lan.

Si ou gene [sentom yo](#), ou dwe pale ak pwofesyonèl swen sante w la. Ou gendwa mande pou w [fè tèst pou COVID-19](#). Ale konsilte [sitwèb CDCa](#) pou w jwenn plis enfòmasyon.

**Konbyen tan sistèm defans lan ap dire apre mwen fin pran vaksen an? Èske m ap bezwen vaksinen chak ane?**

Nou poko konn sa a. Esè klinik yo pral kontinye kontwole patisipan yo pou wè konbyen tan pwoteksyon an dire. Nou ap pral enfòmasyon ki ajou kote yo disponib lan. Vizite [sitwèb CDC a](#) pou jwenn enfòmasyon ki ajou sou vaksen yo.

